Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2018 соналъул 20 апрель
РУЗМАН
№ 16 (7504)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 8 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Росулъ гIадлу бугони, гIадамазе парахалъи букIуна

**Терроризмалъул идеологиялдехун бугеб рокьукъльи загьир гьабуна Эчеда росдал гIолохъабаз районалъул терроризмалде дандечIараб комиссиялъул данделъиялда**

**2018 соналъул 18 апрелалда Эчеда росулъ тIобитIана районалъул терроризмалде дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, гьесул заместителаз, Дагъистаналъул бетIерасул терроризмалъул рахъалъ кумекчи Сайпудин Сайповас, хIукуматалъул информациялъулгун хасаб бухьеналъул республикаялда бугеб Централъул нухмалъулев Салимгерей Дадаевас, Россиялъул МВДялъул ЦIумада районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев БагьавудинБагьавудиновас, Цумада районалъул прокурор Ильяс Вакиловас, Болъихъ бугеб ФСБялъул отделалъул районалда бугеб отделениялъул нухмалъулев МухIамад Дибировас, Эчеда ва Инхокъвари росабазул администрациябазул бутIруз, Эчеда росдал школалъул хIалтIухъабаз ва росдал жамагIаталъ.




Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIер, терроризмалде дандечIараб комиссиялъул председатель АнвархIажи Вечедовас.

Терроризмалъул чабхъеназул нахъегIанал пишабазул хIасилалда Эчеда росулъ ккарал къварилъабазул бицунаго, АнвархIажи Вечедовас абуна:

-Щибав чиясул тIадаб борч ккола терроризмалде данде кьеркьей гьаби, гьелъул зарар гIолохъанаб гIелалда бичIчIизаби ва гьелъул гудракье гьел ккезе риччангутIи.

Районалда гIезегIан хIалтIи гьабулеб буго росдал имамзабаз, жамгIиял гIуцIабаз, школалъул нухмалъулез, росабазул администрациябазул бутIруз ва учреждениябазул нухмалъулез экстремизм ва терроризм тIибитIизе биччангутIиялда сверухъ.

Жакъа ниж гьанире рачIана тIаде щолел маялъул байрамалъул къояз Эчеда ва районалъул цогидалги росабалъ цIодорлъи букIинабиялда сверухъ гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ бицине, гьеб суалалда сверухъ росулъ бугеб ахIвал-хIалги лъазе.

Районалда гьабсагIат буго гIодобе биччараб, парахатаб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал, гьеб ккола нильер цадахъаб хIалтIул хIасил. Росабалъ гьеб рахъалъ гIадлу бугони, гIадамазе парахалъиги букIине буго. ЦохIо полициялъулаз гьабун гьениб гIадлу лъугьунаро, хадубккунги кьваригIун буго цадахъаб хIалтIи гIуцIизе,-ян.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Багьавудин Багьавудиновас бицана районалда экстремизмалдегун терроризмалде данде гьабулеб хIалтIул, байрамалъул къояз полициялъул хIалтIухъабазда церечIарал масъалабазул ва бугеб хIадурлъиялъул. Гьединго гьес Эчеда росдал гIолохъаби ахIана жидехъ бугеб ярагъ гIарцухъ нахъе буссинабизе. Гьединазе законалъул рахъалъ кинабгIаги кьварилъи букIине гьечIебльиги бичIчIизабуна Багьавудиница.

Терроризмалъул идеологиялъул рахъги ккун, гьезие кинабгIаги кумек гьабизе бегьунгутIиялъул бицана районалъул прокурор Ильяс Вакиловас. Жиндирго гIайибги бичIчIун, жиндиего бокьун, терроризмалъул нухдасан нахъвуссарав чи уголовнияб тамихIалде цIаларин абуна прокурорас, гьес гьабураб цоги батIияб такъсир батичIони.

Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Сайповас бицана терроризмалъул зарараалдаса гIадамал цIуни мурадалда полициялъул ва спецназалъул хIалтIухъабаз гьабулеб хIалтIул. Террористазе кумек ва гьезие санагIалъи гьабизе бегьунгутIи. Гьединал кумекчагIазе законалда рекьон бугеб кьварараб тамихIалъул хIакъалъулъ бицана гьес.

- ГIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинаби ва рекъел цIуни гьеб ккола жакъа кьоялъул кIвар бугеб суал. Гьеб рахъалъ нилъер букIине ккола гIадлу-низам цIуниялъул органазулгун цадахъаб хIалтIи,- ян абуна Сайпудин Сайповас.

Гьединал ишал гьарулел рукIун, гIемер гIолохъаби ругин нильер туснахъалъуре ккун, гьединлъидал гьеб рахъалъ цIодорго рукIине ккелин т1адеги жубана гьес.

КIалъазе вахъарав Салимгерей Дадаевас ахIана полициялъги, росдал администрациялъги, школалъул нухмалъиялъги, жамагIаталъги терроризмалде данде гьабулеб хIалтIи цадахъ гIуцIизе.



Данделъиялда гьединго гIенеккана гIолилазда гьоркьоб терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялде данде кьеркьеялъул рахъалъ Эчеда ва Инхокьвари росабазул администрациябаз гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъ гьел росабазул администрациябазул бутIрул ГIабдурашид КъурамухIамадовасул ва ГIабдулнасир Хизриевасул кIалъаял.

Данделъиялда кIалъазе рахъана райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров ва МВДялъул районалда бугеб отделалъул миграциялъулаб пунктальул нухмалъулев Заур МухIамаднабиев.



Эчеда росдал гIолохъабаз рахIат хун бицана жал, гIиллаго гьечIого, хасаб учеталда лъолел ругин МВДялъул хIалтIухъабазилан ва гьеб рахъалъ жидее ругел квал-квалазул. ЖамагIаталъул рахъалдасан кIалъазе вахъарав ГьитIвас ГьитIвасовас бицана терроризмалдехун росдал гIолохъабазул бугеб рокьукъльиялъул, ва божильи гьабуна гIадлу-низам цIунулел органазул хIалтIухъабигун цадахъ рекъон, росулъ гьеб къоло цоабилеб гIасруялъул унти баккизе биччан тезе гьечIилан.

Данделъиялъул ахиралда Эчеда росдал администрациялъул бетIер ГIабдурашид КъурамухIамадовас баркала загьир гьабуна гьалбадерие пайдаяб дандчIваялъухъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

ХIисабкьей

# Росдал жамагIаталъул данделъи

Араб рузман къоялъ Хуштадерил жамагIат данделъана росдал администрациялъ 2017 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей гIенеккизе.

Данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиев, жанисел ишазул районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Багьавудин Багьавудинов, районалъул газеталъул бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибиров, полициялъул хIалтIухъаби Камал ГIабдулхIакъов ва Хизри ГIабдулаев.



2017 соналъ росдал администрациялъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялъул кIалъайгун цеве вахъарав росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIиловас баян гьабун бицана араб соналъ росулъги, Хуштада-гIурухъги, хъутадаги гьарурал хIалтIабазул. КIудияб разилъиялда бицана гьес росдал жамагIаталъги, росу тун къватIирехун ругел росдал гIолохъабазги гьабураб кумекалъул ва исана гьаризе хIисабалде росун ругел хIалтIабазулги.

-КIудияб баркала росдал жамагIаталъе, дун кидаго нужер кверчIваялда божаравги вуго, хадувккун хIадуравги вуго, нужер кумекалдалъун, росдал халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизаби мурадалда хIалтIизе»,- ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Асадула ИсмагIиловас.

КIалъазе вахъарав ГIали Гьазиевас бицана росдал администрациялъул нухмалъуде вачIаралдаса нахъе Асадулагьица гIемер хIалтIи гьабунилан росулъ, рехсана цо-цо гьес гьарурал кIвар бугел хIалтIаби. ЖамагIаталъул рахьалдасан гьес баркала загьир гьабуна росдал бегавуласе, лъикIаб кьимат кьуна гьесул нухмалъиялда гьоркь росдал администрациялъ гьабураб хIалтIуеги.

КIалъазе рахъарал МухIамад ГIабдулаевас, МухIамад ГIалиевас, МухIамадсаид ЖахIбаровас, Асмаула ХIажигIалиевас рахIат хун бицана росулъ интернеталъул бухьен квеш хIалтIулеб букIиналъул.



Росдал мегъ цIунизе ккеялъул суал борхана кIалъазе вахъарав МухIамад ХIанаповас. Бадрудин Бадрудиновас районалъул нухмалъиялъул пикру буссинабуна росдал бюджеталъе гIарцал рихьизарулаго Хуштада росдал цо-цо рахъал хIисабалде росизе ккеялде..

КIалъазе вахъарав ГIабдула Зубаировас бицана, росулъ шартIал чIезаруниги, гIолилазда гьоркьоб спорталъул букIа, цогидаб букIа, гьабулеб хIалтIи гIей гьечIеб букIиналъул.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав МухIамадрасул Гагиевас бицана районалда ва Хуштада росулъ гIодобе биччараб ва цо хIалалда чIараб ахIвал-хIал букIиналъул, ахIана росдал жамагIат, гIадамазул социалияб рахъ лъикIлъизаби мурадалда, цадахъаб хIалтIи гIуцIизе.



ЖамагIаталъул данделъиана хIукуматалъул вакилзабазулгун рагьараб гарачIвариялда, гIадамас рорхана гьеник халкъалъе хIажатал ва кIвар бугел суалал.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

Шаваялдаса хъвалеб буго

# Шаваялда рагьана цоги лъималазул ах

Дагъаб цебе Шаваялда тIобитIана рохалилаб тадбир. Гьениб рагьана цогиги лъималазул ах. Гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб зонаялъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъиялъ араб соналъ Шаваялда бугеб ЦIияб ТIинди росулъ рагьана лъималазул ах, гьале исанаги гьеб идараялъ Шаваялда рагьана цогиги лъималазул ах.



Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб зонаялъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамадшапи ЖахIпаров, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель-экономикиябгун буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаев, райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратов, Бабаюрт районалъул школазул нухмалъулел.



Рохалилаб тадбир рагьун кIалъазе вахъарав МухIамадшапи ЖахIпаровас, МухIамад ГIисаевас ва цогидазги баркана шаваялъулазде иргадулаб лъималазул ах рагьи.

Шава росдал администрациялъул бетIер ГъазимухIамад ХIажимухIамадовас кIудияб баркала загьир гьабула Шаваялъул жамагIаталъул рахьалдасан МухIамадшапи ЖахIбаровасе жидее гьабураб кIудияб сайгъаталъухъ, жидер жамагIаталдехун бугеб гьесул лъикIаб бербалагьиялъухъ.

Рохалилаб тадбиралде гIахьаллъизе вачIана Дагъистаналъул халкъияв артист, нилъер ракьцояв Каримула ГIабдулаев жиндирго музыкалияб къокъагун. Тадбир гьединго берцин гьабуна мадугьалихь бугеб хьутадаса хундерил школалъул кьурдухъабаз.

Тадбиралъул ахиралда Шава росдал администрациялъ ва школалъул коллективалъ гьалбадерие гIуцIараб гIодорчIеялда рукIана ракI рагьарал кIалъаял ва цIиял гьудул-гьалмагълъиялъулал лъай-хъваял.

**ИсмагIил ГъазимухIамадов**

Сахлъи - инсанасул бечелъи

# Цаби-гIусал цIунизе ккола

Чорхол сахлъиялъе кIудияб кIвар буго щулиял цаби-гIусазул. ХIалбихьияз чIезабулеб буго цаби-гIусал хвечIел гIадамазул квен биинабулел органал унтунгутIи, ва гIадан херлъунгутIиялъул гьезул кIудияб кIвар букIин. Бицунеб рагIул баянлъи ва кванил чIами тIубанго бараб буго цаби-гIусазда. Гьел гьечIони, инсанасул куц-бегI сурукълъула кIутIбигун кIаркьаби сукI-сукIула, гьурмада херлъиялъул гIаламат загьирлъула.

Цаби-гIусазул бищунго тIибитIараб ва захIматаб унтилъун ккола кариес (цаби-гIусал хIапароялъ кванай). Кариесалъ цаби-гIусал тIасияб хъалалдасан байбихьун гьезда жанир ругел тканазде щвезегIан кванан риххизарула. ГIусазул гьодорлъабаздасан инфекция (микробал) бидурихьазул ва цогидалги лугбазда тIиритIиялъ раккула цогидал унтаби.

Нилъер улкаялда кIудияб кIвар кьола кариесалде данде рагъ баялде. Фтор жаниб гIолареб гьекъолеб лъим бугони, гьеб гьелдалъун бечед гьабула.

Кванан хадур цаби-гIусазда гьоркьор рукIуна кванил хутIелал ва микробал. ЛъикIаб буго кванда хадуб гIеч, ламадур, талган, капуста кванaзе. Гьелъ рес кьола цаби-гIусазда рекIараб кванил хутIелал нахъе рацIцIине. Гьединго кванан хадуб лъеца кIал хулизе лъикIаб буго. Сордо-къоялда жаниб кIицIул порошокалъ яги пастаялъ чурун рацIцIад гьаризе ккола цаби-гIусал. Гьез кIудияб квербакъи гьабула дабаздасан, кIалдисан би чвахиялъул ва цогидалги унтабаздасан цIуниялъе.



Щивасда кIочоне бегьуларо щибаб къойил цаби-гIусал рацIцIад гьари гьумер-кIал чури гIадал кIвар бугеб иш букIин ва гьел сах гьариялдасан, цIунизе бигьаго букIин.

КIочон тоге, цаби-гIусазда бараб букIин чорхол сахлъиги ва гьурмал берцинлъиги.Цаби-гIусазул хал гьабизе лъагIалида жанир кIиго нухалъ рачIине ккола врач-стоматологасухъе.

**МухIамадсажид ХIамзатов,** цаби-гIусазул тохтур.

Воре, цIодорго рукIа!

# ЦIаялъ рахIму гьабуларо

ЦIа ккей ккола балъгояб балагь. Гьеб букIуна тIабигIияб ва инсанасул гIайибалдалъун кколеб. Ахирал соназ нилъерго тасамахIлъиялдалъун мина-къайиялда цIа рекIиналъул ва минаби рухIиялъул хIужжаби цIикIкIун руго нилъер районалда. Араб соналъ цIа рекIун минаби рухIана ТIисси, ТIадгьаквари, исана Гьимерсо ва ТIинди росабалъ.



Щалха гIайибиял? Лъил тасамахIлъиялъул хIасил гьеб кколеб? Жидерго гIадамазул. Инсанас цIунулел гьечIо бищунго гIадатиял хIинкъи гьечIолъиялъул тIалабал, малъулеб гьечIо лъималазда токалъул алатаздехун букIине кколеб бербалагьи. Хасало чангияз цIакъго багIаризабулеб буго печь ва чердакалда ругел цIул-чIортоялда рекIунеб буго цIа. Чанги хъалиян бухIулел гIадамаз нахъехутIелал рехулел руго цере ккара-ккаралъуре, цо-цояз бусаде босунги, бухIулеб буго папирос. Цо-цоязин абуни, электрикияб лампа ялъуни светильник тIад чIорто яги кагъат лъун тола, гьебги бегьуларо.

Киданиги бегьуларо гьединал жал гьаризе, гьеб нахъехутIелалда цIа сун бахъун бугищали хал гьабизе ккола. Гьединго багIарараб печалда аскIор сокIкIун тезе бегьуларо цIул ва рак, рацIцIине ккола мащаби, гурони жаниб бакIарараб къентIуриялда цIа рекIуна.

Гьединго рагьараб гьаваялда къватIир лъурал газалъул баллонал лъималаз квер хъвалареб хIалалъ щула гьарун рукIине ккола, бензиналъул канистраби ва цогидалги тезе бегьуларо гьезул квер гIунтIулеб бакIалда. Гьединал ишазде кIвар кьоларел, агъаз гьечIел мадугьалзаби рукIани, гIагарда бугеб цIа свинабулеб часталде лъазабизе ккола.

ЦIа ккараб мехалъ хехаб къагIидаялъ лъазабизе ккола цIаялдаса хвасар гьариялъул номеразде «01», «101», «112» ва рихxичIого, мухIканго абизе ккола бухIулеб бакIалъул адрес ва минаялъул хважаинасул фамилиягун цIар.

**Камал ГIабдулхIакъов,** полициялъул капитан

# РацIцIалъи цIунизе ккела

Их тIаде щвейгун, дунял хинлъигун гIадамал кодор белалгун, хадирабигун къватIире рахъуна ах-хур рищниялдасан бацIцIад гьабизе. Цо-цояз жалго рахъун рацIцIуна рищниялдасан жидерго азбар гуребги, рукъзабазда сверухъ ругел къватIалги. Гьединазе кIудияб баркала. Гьезухъан босизе ккела цогидазги мисал. Цо-цояз жидерго азбарги бацIцIун, къватIиб бакI, кигIан хъубго букIаниги, бацIцIине гIамал гьабуларо, гьединазе агъаз букIунаро жалго рижараб росу кин букIаниги. Гьез къватIибе бала рищни, цогидаз жидеда цебесан гьеб бацIцIине кколеб гIадин.



ХIурматиял ракьцоял, гьарула киназдаго нужедаго сверухъ рацIцIалъи цIунеян. КигIан берцинго букIунеб нилъеда сверухъ берцинаб тIабигIатги рацIцIадал къватIалги ругеб мехалъ? Нилъеца цIунани, нилъер лъималазги цIунила рацIцIалъи.

Рищни балел къала ц1ун ратани, бухьун аск1ою лъун те пакет ялъуни ящик.

Киназего бокьула гIадлуги рацIцIалъиги, амма гIадлу гьабизе нилъеца тIоцебе нилъедасанго байбихьизе ккола, хадуб аскIов вугевги гьелдехун куцала.

**ТIагьир АхIмадов**

Лъималазе цIале

# Щиб кколеб талихI къосин?

Кидаго гIадин, лъимал, дарсалги лъугIун, школалдасаги руссун, Нажмудин-кIудида сверун лъугьун, гьесда цIехолдилел рукIана. АхIмадилан абуни пашманго батIаго чIун вукIана. Нажмудин-кIудица АхIмад пашманлъиялъе гIилла гьикъана. Лъималаз бицана школалда контролияб хIалтIуе кIийилги щун, гьев жив бищун талихI къосаравин вугин чIун вугилан. Сурхайица абуна:



-КIудада, нижее талихI кьеялъул ва талихI гьечIолъиялъулги хIакъалъулъ щай бицунареб? - илан.

-ЛъикIаб суал буго, ян абуна кIудадаца гьимулаго. - Цебегоялдаса нахъе руго гьезда сверун гIемераб дагIба - хабар. Щибха кколеб талихI гьечIолъи?

НекIо заманалда цо гIакъиласухъе вачIун вуго, нилъер АхIмадидаго гIадин, живго талихI гьечIевилан ккарав цо гIолохъан, Чвахулаго магIугун бицун буго гьес жив дунялалда бищунго талихI къарав, щибниги дандеги билълъунарев, щиб гьабизе лъугьаниги, гьебги данде багъулев, гIадада гIумру тIамулев чи вугилан. Гьебмехалъ гIакъилас, килщидасаги бахъун, баргъич бегьун буго гьесухъе:

- Ма, дир вас, базаралдеги ун гьаб баргъич биче, амма цо меседил гъурущалдаса учузгоги кьогеха, - янги абун.

Ун вуго гьевги малъухъе, амма базаралда ругел, гьес багьа абидал, релъанхъун руго:

- Ле, гIолилав, гьеб баргъичалъухъ резил гъурущ щвани, вохун вукIине ккола мун, - илан.

ГIолилав, баргъичги босун, гIакъиласухъе вуссуна, ккараб-тараб бицуна. Гьеб мехалъ херас гьесда абула:

- Гьанже мун гIарац-месед бичулеб базаралде а, гьеб баргъич бихьизе.

ГIарац-меседил тIагIалаби ричулеб базаралда гьесда абула:

-Гьеб баргъичалъухъ меседил гъурущ гIемер буго, нижедакIола дур гьелъухъ цо гIарцул гъурущ кьезе, -ян.

ГIолилав нахъеги херасухъе вачIуна. Гьебмехалъ херас гьев гьеб баргъич гьабурав устарасухъе витIула гьелъул багьа цIехезе.

Гьев лъикIго валагьула баргъичалъухъ ва абула:

- Балагьея, дир вас, щуго меседил гъурущалдаса учуз дуца гьаб бичуге, гьалда дица лъун букIана цIакъ къиматаб якъут, - илан.

ГIолилав хехго гIакъиласухъе тIад вуссуна, кинабго гьесда бицуна. Херас абула:

- Гьанже пикру гьабе дир вас, пихъ-мичI бичулеб базаралда дуе гьалъухъ цо резил гъурущ кьолеб букIана, меседил базаралда гIарцул гъурущ кьелин абуна. Гьаб баргъич гьабурав устарасдайин абуни лъалеб букIана гьалъул хIакъикъияб багьа, гьединлъидал гьес абуна щуго меседил гъурщидаса гIодобе кьогеян. Гьединго чиясул къиматги лъала гIицIго гьев вижарав Аллагьасда.

ТIадегIанав Аллагьас хирияв Расуласухъе (гIалайгьи свалату ва ссалам) зодосан рещтIараб тIехьалда - Къуръаналда буго (магIна): «Дица инсан вижана бищунго камилаб сураталда, цинги гьев вуссинавула бищунго гъоркье (ЖужахIалъул кIкIалахъе), иман лъурал ва лъикIал гIамалал гьарурал хутIизегIан. Гьезие буго гьезда цебе чIезабизецин кIолареб гIадаб ажру» (Тин.4), - ян.

Инсан вуго, лъимал, къимат тIокIаб якъут кинигин, Аллагьас Жиндие гIибадат гьабизе вижарав. ГIадада гуро цебе рехсараб аяталда абун бугеб инсан бищунго камилаб сипаталда вижун вугилан. Жеги Аллагьас абун буго (магIна): «Дица жундулги гIадамалги рижичIо, Диего гIибадат гьабизе гурого», - ян (Зарийат, 56).

Кин нужеда ракIалде кколеб, гьаб баргъичалъ магIал чIвазе дун лъугьани киндай букIина? ЛъикI букIинароха, магIал чIвазе бугеб алат гурелъулха баргъич, гьеб буго килщида базе бугеб жо. Щибаб жоялъул жинди-жиндир къиматги багьаги буго гьеб жиндирго бакIалда хIалтIизабулеб мехалъ. Инсанасул багьа-къиматги букIуна гьев дунялалда вижиялъул мурадалда, ай гьес Аллагьасе гьабулеб гIибадаталда рекъараб. Аллагьасе гIибадат гьабуларев чи кигIан дунялалъул тIогьиве вахун вугониги, шагьиялъул багьаяв вукIуна, гьеле гьев вуго бищунго талихI къосаравги, битI гьечIевги.

Дир тIанчIи, бусурбабазул цо роцен буго - Ахират. БитIккейги талихIги бараб буго абадиялъ Ахираталда чи вукIине вугеб бакIалда, гьесул гIамалазда: ЖужахIалъуве рачунел гIамалалищ гьес гьарулел яги Алжаналъе мустахIикълъулелищали.

**«Нур-ул ислам» газеталдаса босараб**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияв секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияв секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302
Тираж -1965
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин.
ХIакъикъаталда гьулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Олимпиададаялда бергьана



15 апрелалда Гумбет районалда 7-8 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIараб физикаялъул зоналияб олимпиадаялда бергьана Агъвали гимназиялъул 7 классалъул цIалдохъан Зайнудин Сиражудинов ва 8 классалъул цIалдохъан МухIамад АхIмадов. Гьев кIиявго ккола Бадрудин МухIамадовасул цIалдохъаби. Гьезие кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайгъатал

Баркула гьезда ва Бадрудин МухIамадовасда бергьенлъаби.

**Зулфия Сажидова**

## Информация с ЦЗН

Министерство труда и социального развития Республики Дагестан информирует, что целях создания и сохранения рабочих мест, обеспечения занятости населения в сфере строительства и курортно-туристическом комплексе в 2018 году на территории Республики Дагестан будет реализовано мероприятие по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест в рамках государственной программы Республики Дагестан «Реализация дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан» на 2018 год.Данное мероприятие направлено на расширение сферы трудовой деятельности населения в условиях отсутствия достаточного количества свободных рабочих мест (вакантных должностей).

Услуга по содействию занятости в рамках реализации мероприятия оказывается незанятым гражданам, зарегистрированным в центрах занятости населения в качестве безработных, а также обратившимся в центры занятости населения за содействием в трудоустройстве и не относящимся к категории занятых.

Дополнительную информацию об участии в Программе можете получить в центре занятости населения в МО «Цумадинскийрайон».

Контактный телефон 887273 2-52-42

* * *

**Профессиональный компас-2018»**

В целях обеспечения эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных учреждений, оказания им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентировании их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда, Центр занятости населения в МО «Цумадинский район» с 9 по 20 апреля проводит декаду профориентационных мероприятий для учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций « Профессиональный компас-2018».

**П. Бадрудинова,** инспектор ЦЗН

## Субботник тIобитIизе буго

26 апрелалда районалда тIобитIизе буго ихдалил субботник.

Росабазул администрациябазул бутIруз ва учреждениябазулгун организациялъул нухмалъулез хIисабалде росизе ккела гьеб кьоялъ росабалъ ва райцентралда гьаризесел хIалтIаби.

ХъулухъчагIазул, гIадамазул ва школалъул цIалдохъабазул жигараб гIахьаллъи букIине ккела росдал гIаммал бакIазда ва жидерго мина-ригьалда сверухъ рацIцIа-ракьалъи букIинабиялъулъ.

### Турнир нахъбахъулеб буго

Районалда май моцIалда тIоритIулел спортивиял тадбирал гIемер рукIинги хIисабалдеги босун, 9-10 маялда тIобитIизе бихьизабун букIараб «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призазе гIоло волейболалъул рахъалъ районалъул турнир нахъбахъулеб буго хаслихълъиялъул заманалде.

Гьарула тIаса лъугьаян.

**Райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул ва туризмалъул отдел.**

### БитIизаби

13 апрелалда къватIибе араб «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул (№15) кIиабилеб гьумералда «Информационное сообщение» абураб лъазабиялъулъ кIиабилеб абзацалда «Унцукульского» абураб бакIалда цIализе ккола «Цумадинского» абун. ГъалатI ккун буго районалъул ТИКалъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул гIайибалдалъун.

### Зигара балеб буго

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго редакциялъул мухбир МухIамад Къасумовасда гьесул хирияй эбел

**ПатIимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хваралъул рухI иманалда бахъун батаги. Аллагьас нахъе ругезе иманияб сабру кьеги.

### Эркенаб гугари

## Россиялъул первенствоялда нилъер гIолилазул бергьенлъаби

12-15 апрелалда Смоленск шагьаралда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство. Гьел къецазулъ нилъер районалъул гIолилаз рихьизаруна лъикIал хIасилал-кIиго тIоцебесеб ва кIиго лъабабилел бакIал.



**Сураталда:** ГIабасхIажи МухIамадов (квараниса)

Хъварщиниса АхIмад Идрисовасе 57 кг. цIайиялда ва 61 кг. цIайиялда ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадовасе щвана тIоцересел бакIал. Лъабабилел бакIазда гIей гьабуна 57 кг. цIайиялда Эчедаса Ибрагьим ГIабдурахIмановас ва 92 кг. цIайиялда Гьигьалъа Рамазан Абакаровас.

Гьел къецазда ГIабасхIажи МухIамадовас бихьизабуна гугаризе жиндир бугеб кIудияб махщел, гьес бергьенлъи босана дандиязе цониги бал кьечIого.

ГIабасхIажи ва АхIмад гIахьаллъизе руго сентябрь моцIалда Словакиялда тIобитIизесеб дунялалъул первенствоялда.

Баркула гIолилазда щварал бергьенлъаби, гьарула гьезие хадубккун битIккей ва икъбал.

## «Зарница» хIаялъул призерал

10 апрелалда Лаваша росулъ тIоритIана гIолилазда гьоркьоб ТIолгороссиялъулаб спортивияб рагъулаб «Зарница» хIаялъул къецал. Гьениб нилъер районалъул командаялъе щвана кIиабилеб бакI. Команда хIадурана Агъвали гимназиялъул ОБЖялъул мугIалим Дибир Дибировас.



Бергьаразе ва призеразе кьуна данде ккolел даражабазул кубокал ва дипломал. Нилъер командаялъе рес щвана республикаялъулал къецазда гIахьаллъизе.

12 апрелалда Агъвали гимназиялда рохалилаб тадбиралда шапакъатаздалъун кIодо гьаруна командаялъул гIахьалчагIи.

Баркула командаялъул гIахьалчагIазда ва Дибир Дибировасда бергьенлъи.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Туризмалъул къецал

8 апрелалда МахIачхъалаялда тIобитIана школазул цIалдохъабазда гьоркьоб республикаялда туризмалъул сезон рагьиялда бан спортивияб туризмалъул рахъалъ республикаялъулал къецал.

Къецазда гIахьаллъараб Хуштада росдал школалъул лъабго васасдаса ва цо ясалдаса гIуцIараб «ЦIумал» командаялъе щвана кIиабилеб бакI.



Нилъер команда исана тIоцебесеб нухалда гIахьаллъана гьединал къецазда.

Командаялъул нухмалъулев АсхIаб МухIамадовасда, тренер МухIамад МухIамадовасда ва командаялъул гIахьалчагIазда баркула кIиабилеб бакI.

**МухIамад МухIамадов**